

Mo a lanvè

Aprann priyè Papa nou ki nan syèl la. Mete nan lòd mo yo ki devan dèyè. Ekri yo nan espas yo. Chache kenbe priyè sa a. Di li plizyè fwa pou w kapab memorize li.

“ _____ nou ki nan syèl yo,
(apaP)

se pou non ou santifye.

Se pou règn ou _____
(iniv)

Se pou volonte ou fèt sou _____
(èt)

a menm jan li fèt nan syèl.

Pen _____ bezwen chak jou,
(uon)

ba nou li jodi a.

Padone _____
(ehcep)

nou yo menm jan nou padone

moun ki fè nou kichòy.

Pa kite nou tonbe anba tantasyon
men delivre nou nan sa ki _____”
(lam)

Matye 6 : 9-13



JWENN TREZÒ A




Jezi reponn li: Men sa ki ekri: Moun pa kapab viv ak manje ase. Yo bezwen tout pawòl ki soti nan bouch Bondye tou.

Matye 4:4

Gen anpil fòm de rankont ak trezò ke Bondye sere pou nou. Men gen de ladan yo ki pi fasil e nou kapab itilize :

Matye 4 :4 anseye nou ke, si manje enpòtan anpil konsa se pa li menm sèl ke nou bezwen pou nou viv. Pawòl Bondye a, oubyen tou bib la ak lapriyè enpòtan anpil, si nou vle grandi nan lavi espiritiyèl nou.

Nan Matye 6 :9-13 la Jezi te anseye disip li yo yon modèl Priyè pou moun kap swiv li ka konprann kouman kominikasyon avèk Bondye a dwe ye.



Kesyon Repons

Yon fason pou konnen Jezi pi byen se li Bib la. Bib la se mesaj Bondye pou lèzòm. Nan 2 Timote 3 : 16-17 li di nou poukisa ke Bib la enpòtan pou kretyen yo. Li pasaj la epi fè yon liy ki soti nan kesyon an pou ale nan repons ki ale avè li a.

1

Kiyès ki te ban ou Bib la?

2

Kisa Bib la montre lèzòm?

3

Poukisa Bib la enpòtan?

A

Li ede nou konnen
plis sou Jezi

B

Bondye



C

Sa ki mal nan vi yo

Trase e Priye

Jezi te di pou kèk bagay ke nou kapab priye. Ou ka panse ak yon bagay ou ka priye pou li? Sonje ke ou ka priye nenpòt lè ak nenpòt kote.

Trase oubyen fe desen men ou nan espas ki anba. Ekri yon bi priyè nan chak dwèt yo. Nan mitan pla men an ekri : Mèsi Bondye ». Mete desen an yon kote ke w ka wè pou w ka sonje priye.

A large, empty rectangular box with rounded corners, intended for children to draw and write their prayers. At the bottom left corner of this box, there is a small cartoon illustration of a girl with pigtails and glasses. At the bottom right corner, there is a small cartoon illustration of the same boy from the previous page.